

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Hirupna manusa di alam dunya, tangtuna moal bisa leupas tina hakékatna salaku mahluk sosial. Ku kituna manusa salawasna bakal ngayakeun interaksi sosial enggoning campur gaul di masarakat. Ari lumangsungna interaksi sosial bisa antar individu jeung individu, individu jeung kelompok, atawa kelompok jeung kelompok. Wujudiah tina prosés interaksi sosial dina kahirupan manusa nyaéta ayana prosés komunikasi. Ari lumangsungna prosés komunikasi manusa dirojong ku salah sahiji alat komunikasi anu disebut basa.

Dina kahirupan sapopoé urang salaku manusa, tangtuna moal bisa leupas ti nu ngarana basa, Bloch jeung Taner (dina Astuti, 2019, kc 1) nétélakeun yén basa nyaéta sistem lambang vokal anu sipatna arbitrér. Béda deui pamanggih Hualai jeung Keraf (dina Mailani spk, 2022, kc. 2) nu nétélakeun yén basa téh nyaéta sarana keur nepikeun sawangan jeung arguméntasi ka pihak anu séjén, ku sabab éta basa mibanda fungsi sosial anu penting dina komunikasi masarakat anu lega. Dina prak-prakanana, basa mibanda ragam nu dibagi jadi basa lisan jeung tulisan. Éta sawangan dirojong ku dirojong ku (Syahputra spk, 2022, kc. 1) nu nétélakeun yén ragam basa kabagi kana lisan jeung tulisan, duanana mibanda cara nafsirkeun anu béda-béda ku sabab cara nepikeunana ogé béda. Ari Meinawati spk (dina Mailani spk, 2022, kc. 2) nétélakeun yén ragam basa nu kabagi dua antara lisan jeung tulisan bisa jadi cukang lantaran ayana pabéntar paham mun seugna aya golongan nu kurang paham kana ma'na salah sahiji ragam basa. Tina sababaraha pedaran di luhur, bisa kasawang yén basa nyaéta sarana komunikasi manusa anu puguh eunteup seureuhna nu dihasilkeun ku pakakas ucap jeung dipaké ku panyatur jeung mitra tutur, tur ragam basa sorangan kabagi kana lisan jeung tulisan nu dipedar husus ku kaédah anu disebut pragmatik.

Pragmatik sacara umum dipikawanoh minangka élmu anu maluruh ngeunaan kumaha patalina adegan basa jeung makéna basa nu antukna antara panyatur jeung mitra tutur bisa nafsirkeun ma'na ti panyatur patali jeung kontéks situasi. Parker (dina Rahardi, 2018, kc. 130) nétélakeun yén pragmatik nyaéta élmu nu medar kumaha basa dipaké keur nepikeun maksud, jeung pragmatik ogé béda jeung élmu

tatabasa nu maluruh ngeunaan struktur nu aya di jero basa. Ari Morris (dina Sudaryat, 2020, kc. 87) nétélakeun yén pragmatik nyaéta dahan semiotik anu ngulik asal-usul, makéna, sarta pangaruh (éfék) tanda-tanda. Yule (dina Yusri, 2016, kc. 3) ogé nepikeun pamanggihna yén pragmatik nyaéta élmu anu nalungtik ma'na nu ditepikeun ku panyatur jeung ditafsirkeun ku mitra tutur. Ku kituna, kagambar yén pragmatik medar ngeunaan kontéks nu jadi kasang tukangna hiji komunikasi nu aya di masarakat. Sok sanajan kitu, pragmatik dina émprona patula-patali jeung wacana minangka unsur basa pangjembarna. Syamsuddin (dina Silaswati, 2019, kc. 2) nétélakeun yén wacana nyaéta runtuyan omongan anu tujuana nepikeun hiji hal tur sistematis dina hiji runtuyan nu kohérén. Ari nurutkeun Djajasudarma (dina Nurdin, 2019, kc. 1) nétélakeun yén wacana mikabutuh unsur komunikasi anu mangrupa sumber (panyatur/panulis/mitra tutur), nu narima (mitra tutur/pamaca/panyatur), jalan komunikasi, jejer, jeung masalah anu dibahas. Naon anu ditepikeun ku Djajadusarma (dina Nurdin, 2019, kc. 1) méh aya sasaruana jeung anu ditepikeun ku Brooks (dina Sudaryat, 2020, kc. 14) nu nétélakeun dina prosés komunikasi aya panyatur, mitra tutur, jeung rupaning unsur séjénna nu disebut pola dialog atawa paguneman.

Dialog atawa paguneman ilaharna dipikawanoh minangka hiji kagiatan komunikasi dua urang atawa leuwih antara panyatur jeung mitra tutur anu sipatna timbal-balik atawa silih genti. Ari Baharuddin (dina Najihah jeung Badaruddin, 2014, kc. 2) miboga sawangan anu séjén ngeunaan paguneman, nurutkeun Baharuddin paguneman nyaéta komunikasi dua arah antar individu anu mibanda sawangan anu béda-béda ngeunaan hiji jejer nu dijadikeun bahan paguneman. Sawangan nurutkeun (Bohm, Factor, jeung Garrett 1991, kc. 1) nétélakeun yén dina paguneman, sababaraha jalma bisa medarkeun rupa-rupa praanggapan nu sipatna individu atawa kelompok ngeunaan hiji ide, kapercayaan, jeung maké rasa dina prak-prakana sangkan komunikasi bisa kajaga. Tina sababaraha sawangan nu ditepikeun di luhur, bisa dicindekkeun yén paguneman atawa dialog nyaéta hiji kagiatan komunikasi nu diwangun ku dua urang atawa leuwih nu tujuanna pikeun ngébréhkeun rupa-rupa sawangan tur sipatna silih genti antar palaku pagunemanana. Contona bisa katitén tina paguneman nu asalna tina buku Saéni karya Hadi AKS ieu di handap.

- a). Barudak 1₁: “Saha baé ronggégna?”
- b). Barudak 2: “Tuh deuleu, tiluan ronggégna géh!”
- c). Barudak 1₂: “Tah nu di tengah Nyi Saéni mah, nyah?”
- d). Barudak 3: “Béjakeun ka Ki Cindul, nu kebel kituh serimpianana!”
- e). Barudak 4: “Enya, meungpeung kami keur boga duit yeuh. Tas ngajual kakap kituh!”

(AKS, 2014, kc. 27)

Aya sababaraha prinsip atawa maksim dina paguneman nu kudu diéstokeun. Ku sabab dina prosés komunikasi atawa paguneman, unggal palaku miharep ayana réspon anu hadé ti lawan nyarita. Aya dua prinsip nu ngatur kana masalah tékstual jeung interpersonal. Maksim rempug jukung miharep panyatur bisa méré omongan anu luyu jeung anu dipikabutuh dina paguneman, sedengkeun maksim kasopanan patali jeung aturan anu sipatna sosial jeung moral dina ngomong (Narsiwi jeung Ariyana, 2019, kc. 2). Prinsip rempug jukung dibutuhkeun sangkan prosés komunikasi bisa lumangsung lancar tur prinsip kasopanan dipikabutuh sangkan hubungan antar palaku paguneman harmonis sacara émosional (Rahmawati, 2021, kc. 2). Cindekna prinsip rempug jukung patali jeung masalah tékstual (téma-réma) sedengkeun prinsip kasopanan patali jeung masalah interpersonal (field, tenor, jeung mode), duanana dipikabutuh dina kalancaran hiji paguneman. Sok sanajan kitu, dina ieu panalungtikan leuwih museur kana pola paguneman jeung prinsip gawé bareng atawa rempug jukung.

Dina émprona prinsip rempug jukung jeung prinsip kasopanan dipasing-pasing deui jadi sababaraha maksim. Grice dina (Wijana jeung Rohmadi, 2010, kc. 42) nétélakeun yén panyatur kudu gugon kana prinsip rempug jukung nu ditataan jadi opat maksim, nyaéta (1) maksim kuantitas, (2) maksim kualitas, (3) maksim kasaluyuan, jeung (4) maksim cara. Salian ti dirojong ku prinsip gawé bareng, paguneman ogé dirojong ku komponén wacana paguneman.

Komponen wacana paguneman dibagi kana salapan atawa sapuluh unsur atawa komponén dumasar saha ahli nu nepikeunana, unggal unurna mibanda fungsi pikeun nganalisis unsur paguneman dina wacana. Darma dina (Farizka, 2020, kc. 17) ngabagi komponén analisis wacana paguneman jadi sapuluh nyaéta (1) rempug jukung, (2) tindak tutur, (3) pengeluaran paguneman, (4) bubuka jeung panutup, (5)

paguneman panuluy, (6) runtuyan paguneman, (7) unsur tatabasa paguneman, (8) giliran nyarita, (9) alih kode, jeung (10) jejer paguneman. Ari Schiffin (dina Rahayu, 2021 kc. 2) nétélakeun aya sapuluh komponén wacana paguneman kaasup unsur kohési jeung kohérénsi, nyaéta (1) rempug jukung, (2) tindak tutur, (3) penggelan paguneman, (4) bubuka jeung panutup paguneman, (5) paguneman panuluy, (6) sipat runtuyan paguneman, (7) unsur tatabasa paguneman, (8) alih kode, (9) giliran nyarita, jeung (10) jejer paguneman. Sedengkeun Richards (dina Syamsuddin, 1998, kc. 94) nyebutkeun aya salapan komponén wacana paguneman, nyaéta (1) bubuka jeung panutup omongan, (2) rempug jukung, (3), polah ucap, (4) penggelan pasangan omongan, (5) jejer omongan, (6) giliran nyarita, (7) paguneman panuluy, (8) sipat runtuyan omongan, (9) unsur tata basa paguneman. Tina sababaraha pedaran ti para ahli, bisa dicindekkeun dina paguneman aya sababaraha komponén anu nunjukkeun rupaning paguneman dina hiji kagiatan komunikasi. Dina ieu panalungtikan, komponén wacana paguneman bakal dianalisis luyu jeung anu ditepikeun ku Richards (dina Syamsuddin, 1998, kc. 94).

Dumasar kana hasil pedaran di luhur ngeunaan ragam wacana anu aya wangun lisan jeung tulisan, bisa dicindekkeun kaayaan pola paguneman, prinsip paguneman, jeung komponen wacana paguneman aya dina wangun lisan jeung tulisan. dina wangun tulisan tangtuna bisa katitén dina rupa-rupa karya tulis nu ngandung paguneman atawa dialog, umumna aya dina novel jeung carpon. Sedengkeun wacana lisan bisa katitén dina komunikasi langsung antar jalma, atawa interpersonal nu ngalibetkeun dua urang atawa leuwih dina prak-prakanana. Conto tina wacana lisan nyaéta ngawangkong, sawala, atawa kagiatan séjénna. Anapon dina ieu panalungtikan anu dijadikeun objékna nyaéta wacana tulis nu mangrupa karya sastra novel. Novel anu dipilih ku panalungtik nyaéta novel *Saéni* karya Hadi AKS.

Cukang lantaran dipilihna novel *Saéni* karya Hadi AKS pikeun ieu panalungtikan ku sabab loba téks paguneman anu bisa dijadikeun sumber data pikeun ieu panalungtikan. Lian ti éta ieu buku kungsi dilélér pinunjul ka hiji pasanggiri ngarang novel “*Hadiah Sastra Oeton Moechtar*” taun 2000-2001 nu diayakeun ku majalah *Manglé* (AKS, 2014, kc. 8). Ieu novel asalna tina carpon anu

judulna “*Halimun di Suku Gunung*” dina buku kumpulan carpon “*Oknum*” anu satuluyna éta carpon téh dimekarkeun deui ku Hadi AKS jadi buku *Saéni*.

Geus aya sababaraha panalungtikan nu saacana medar patali adegan wacana, di antarana waé, (1) “Kalimah Impositif dina Novél *Baruang ka nu ngarora*” Karangan D.K. Ardiwinata: Tilikan Adegan, Ma’na, jeung Maksim Kasopanan” (Ulfah, 2015); jeung “Adegan Wacana Paguneman Dina Acara “Milang Béntang” AKTV: Tilikan Pragmatik” (Fitriah, 2019). Panalungtikan (Ulfah, 2015) sacara gurat badagna medar ngeunaan adegan wacana nu leuwih museur kana ka limah impositif tur pangaruh maksim kasopanan kana kalimah impositif. Sedengkeun dina panalungtikan (Fitriah, 2019) sacara gurat badagna dipedar ngeunaan pengeluaran pasangan, pola interaksi panyatur, jeung pananda giliran nyarita dina basa Sunda, dina ieu panalungtikan ogé leuwih museur kana kabiasaan motong omongan dina paguneman.

Sok sanajan méh sarua jeung panalungtikan saméméhna nu sarua medar ngeunaan wacana paguneman, tapi dina ieu panalungtikan aya bédana. Dina ieu panalungtikan, leuwih museur kana pola wacana paguneman, prinsip dialog nu nyoko kana prinsip rempug jukung tur maksim-maksim nu aya dina jero paguneman luyu kana prinsip dialog.

Dumasar kana kasang tukang nu geus didadarkeun di luhur, panalungtikan nu judulna “Adegan Paguneman dina Novel *Saéni* Karya Hadi AKS (Ulukan Struktur jeung Pragmatik)” masih perlu pikeun dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan kana sababaraha pedaran sangkan masalah nu dipedar teu pati lega jeung museur kana pedaran anu tangtu. Rupaning masalah-masalah anu ditalungtik bisa dirumuskeun ieu di handap.

- a) Kumaha pola wacana paguneman dina novel *Saéni* karya Hadi AKS?
- b) Kumaha maksim-maksim rempug jukung dina paguneman nu aya dina novel *Saéni* karya Hadi AKS?
- c) Naha aya prinsip rempug jukung anu dirempak dina paguneman novel *Saéni* karya Hadi AKS?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun adegan paguneman dina novel *Saéni* karya Hadi AKS. Ari sababna, eusina ngadéskripsikeun ngeunaan pola paguneman nu diseselan ku komponén wacana paguneman, prinsip paguneman, jeung prinsip rempug jukung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun.

- a) pola paguneman nu nyampak dina Novel *Saéni* karya Hadi AKS;
- b) prinsip rumpug jukung katut maksim-maksim dina paguneman nu nyampak, jeun;
- c) gugon atawa henteuna paguneman dina novel *Saéni* karya Hadi AKS kana prinsip rempug jukung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat nu tujuana pikeun ngulik élmu kabasaan (pragmatik), sacara husus jeung leuwih jero ngeunaan adegan paguneman nu aya dina karya tulis.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, mangpaat praktis tina ieu panalungtikan bisa diwincik jadi opat wincikan ieu di handap.

- a) Pikeun panalungtik, dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh dina widang kabasaan (linguistik), hususna ngeunaan adegan paguneman katut prinsip peguneman.
- b) Pikeun nu maca, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangaweruh umum ngeunaan pola adegan paguneman katut prinsip pagunemanana.
- c) Pikeun mahasiswa, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun réferénsi dina mata kuliah nu patali jeung widang kabasaan sacara husus dina ulikan pragmatik, lian ti éta dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun sumber dina mekarkeun élmu kabasaan atawa élmu séjén anu perlu ditalungtik leuwih jero.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi bisa diwincik jadi lima bab saperti dijéntrékeun ieu di handap.

Bab I Bubuka, anu eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan tujuan tina ieu panalungtikan, idéntifikasi masalah, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis.

Bab II Ulikan tiori (Adegan Paguneman jeung Prinsip Paguneman), eusi tina bab dua medar ngeunaan tiori nu dipaké dina ieu panalungtikan, tiori nu aya patula-patalina ogé jeung ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan adegan paguneman jeung prinsip paguneman. Di jerona ogé aya pedaran ngeunaan panalungtikan saacana jeung raraga mikir.

Bab III Métofeu panalungtikan, anu eusina medar ngeunaan métofeu panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nu ngawincik ogé kana sumber data panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data panalungtikan.

Bab IV Hasil panalungtikan, anu eusina medar ngeunaan hasil jeung pedaran tina panalungtikan. Hasil nu utamana medar ngeunaan adegan paguneman jeung prinsip paguneman nu aya dina paguneman novél *Saéni* karya Hadi AKS.

Bab V Kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi. Eusina ngeunaan kacindekan tina panalungtikan jeung implikasi hasil tina panalungtikan jeung rékoméndasikeun pikeun panalungtikan salajengna.